



HORNETS BUZZ

Bilten Ofisyèl Lekòl Katolik Holy Family



2 SEPTANM 2026

VOL. 4

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.

Alo Septanm

Pandan n ap antre nan katriyèm semèn aprantisaj nou an, elèv yo ap byen metrize woutin yo epi y ap apwofondi konesans ki koresponn ak nivo klas yo!

Semèn sa a, nou te kòmanse tou sèvis entèvansyon ansanm ak FACTS Education Solutions pou bay elèv ki pi bezwen sa yo sipò espesifik nan Lekti ak Matematik. Paran ak fanmi, patisipasyon nou enpòtan anpil! Tanpri, kontinye pratike konpetans yo, fè lekti, epi revize devwa yo lakay nou. Siksè elèv yo se rezilta travay ann ekip; lè n mete tèt nou ansanm, nou ka ede chak elèv pwogrese!

Rasanbleman pou ranfòse moral demen

Prepare nou pou n montre fyète nou kòm "Hornet"! Elèv lidè nan klas 8yèm ane nou yo pral òganize rasanbleman espesyal pou retou lekòl la demen, 3 septanm!

Elèv yo dwe mete inifòm edikasyon fizik (PE) yo epi vini pare pou yon aprèmidi ki chaje ak plezi, antouzyas, ak selebrasyon! 

Reyinyon PTA demen!

Chè paran ak fanmi, reyinyon PTA nou an ap fèt demen a 3:15 p.m. nan Sal Mizik la! Opinyon nou ak patisipasyon nou enpòtan anpil pou kominote lekòl nou an.

👉 Fè aranjman pou nou vin jwenn nou, patisipe, epi ede n fè ane sa a tounen yon ane ekselan pou "Hornets" nou yo!

Ansèyman Sosyal Katolik pou Mwa a

Nan mwa septanm sa a, n ap konsantre sou Dwa ak Responsablite—n ap sonje ke chak moun merite diyite ak swen, epi nou chak gen responsablite pou nou pran swen youn lòt.

 Eseye sa lakay ou: Fè yon travay nan kay la ansanm kòm fanmi, bay bagay ou pa bezwen ankò, ekri yon ti nòt remèsiman pou yon moun k ap ede kominote a, oswa fè yon ti jès jantiyès pou yon vwazen.

 Nou ta renmen wè fanmi w k ap mete lafwa Katolik nou an an pratik! Voye foto w yo ba nou pa mesaj prive (DM) sou Instagram nan @HolyFamilyCS pou nou ka selebre fanmi k ap viv lafwa nou an!

Rapèl pou lè lekòl fini

Lekòl la fini a 2:45 p.m. Tout elèv ki pa enskri nan pwogram "Afterschool STARS" la dwe pran anvan 3:15 p.m. Apati 3:15 p.m., y ap fè w peye yon frè \$25 paske w te anreta pou w vin chèche elèv la. Mèsi dèske w ede nou asire lekòl la fini alè!



Pran nan kamera!



☀ Elèv Mwa Out yo: N ap selebre "Hornets" ekstraòdinè nou yo ki te distenge tèt yo grasa karaktè yo, jantiyès yo, ak lespri "Hornet" yo!



🍪 Maji Koulè pou Timoun piti: Ti elèv nou yo te dekouvri ke wouj + jòn = zoranj grasa yon aktivite amizan kote yo te patisipe aktivman! ❤️



🚗 Lidè k ap Pase nan Aksyon: Elèv klas 8yèm ane nou yo ki nan ekip sekirite a ap bay bon egzanp epi y ap ede asire ke pwosesis depoze elèv nan machin nan maten an fèt an sekirite epi san pwoblèm! 🙌



Rapèl pou Peman

Paran yo, tanpri asire w kont FACTS ou an byen konfigire epi tout peman yo ajou pou evite frè reta.

🎓 Fanmi Step Up yo: Tanpri konekte nan EMA epi apwouve chèk bousdetid Step Up ou a pi vit posib.

Dat Enpòtan



- Jedi 3 Septanm
 - Rasanbleman pou Ankouraje Lespri Lekòl la (BTS Pep Rally)
 - Reyinyon PTA
- Lendi 7 Septanm
 - Jou Travayè yo (Labor Day) - Pa gen lekòl
- Vandredi 11 Septanm
 - Lekòl fini bonè a 1:00 p.m.
 - Pa gen aktivite apre lekòl
- Dimanch 13 Septanm
 - Mès pou Lekòl ak Fanmi a 9:00 a.m.
- Lendi 14 Septanm
 - Rapò sou Pwogrè Elèv yo Disponib
- Madi 15 Septanm
 - Kòmansman Mwa Eritaj Ispanik

Rete enfòmè epi konekte ak tout sa k ap pase nan HFCS!

☎ **Rele nou: (305) 947-6535**

🌐 **Vizite sitwèb nou an:**
holyfamilynorthmiami.org

📱 **Swiv nou sou Instagram:**
@HolyFamilyCS

Misyon nou se bay yon edikasyon bon kalite ki chita sou sakreman yo ak valè Levanjil yo. Nou vize temwaye lafwa katolik nou atravè ekselans akademik, sèvis kominotè, ak entegrite, yon fason pou elèv nou yo jwenn kapasite pou yo rive nan tout potansyèl yo.